

Yon Gid Resous pou Paran

Konprann  
konplikasyon an:  
Si ptit ou te gen  
kontak avèk

Lalwa

Gid sa a te posib gras a kkolaborasyon Konsèy Kouwòdinasyon Entè-enstitisyon sou Lajenès (ICC) Gwoup Travay ki enplike nan Tribunal Sou-Gwoup Travay Asistans Paran, avèk tou:

Administrasyon pou Sèvis Timoun Vil Nouyòk  
Depatman Koreksyon Vil Nouyòk  
Depatman Sèvis pou Sanzabri nan Vil Nouyòk  
Depatman Lajistis Jivenil Vil Nouyòk  
Depatman Pwobasyon Vil Nouyòk  
Depatman Jenès ak Devlopman Kominotè Vil Nouyòk  
Biwo Majistra Vil Nouyòk pou Afè Imigran  
Biwo Kouwòdonatè Jistis Kriminèl Vil Nouyòk  
Jenès ak Kongragsyon yo nan Pwogram Patenarya, Pwokirè Jeneral  
Konte Kings  
Sosyete Asistans Legal  
Tribinal Kominotè Midtown, Pwogram Jenès Times Square  
Tribinal pou Fanmi Vil Nouyòk  
Enstiti Jistis Vera  
Biwo Eta Nouyòk pou Sèvis Fanmi ak Timoun



Nou rekonèt òganizasyon sa yo tou pou poutèt yo te òganize gwoup diskisyon epi nou di mèsi pou paran ak jenn yo pou patisipasyon yo:

Children's Arts & Science Workshops, Inc.  
Create Young, Inc.  
Garden of Hope

*Enfòmasyon ki nan tiliv sa a pa nesesèman reprezante konsèy oswa pwendiv okenn nan nenpòt nan ajans/òganizasyon ki site anwo la a.*

# Kisa m ka fè pou ede ptit mwen?


Èske ou konnen si w patisipe nan dosye timoun ou an sa ka ede timoun lan? Pa egzanp, yo kapab otorize timoun ou an ale lakay li oswa mete l sou pwobasyon olye pou l ale nan prizon!

Liv sa a pral ede w konprann sistèm jistis kriminèl ak jivenil nan Vil Nouyòk. Men li pa kouvri tout bagay ki enpòtan.

- Si w gen kesyon, tanpri pale avèk yon avoka.

Sonje: ou gen dwa pou patisipe nan sistèm jistis kriminèl la menmsi oumenem oswa ptit ou pa yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan legal Ozetazini.

Si w gen  
kesyon, tanpri  
pale avèk yon  
avoka.



# Esi mwen pa pale Angle?

Poutèt ou pa pale Angle, sa pa ta dwe bloke ou.

Ou kapab mande yon entèprèt oswa sèvis asistans lang lè ou nan tribal oswa lè w ap pale ak avoka w.

- Sèvis sa yo gratis.

Sèvis lang  
yo gratis.

Kisa yon entèprèt fè?

- Yon entèprèt se yon mesaje pou sa ki di. Li dwe kominiye, mo pou mo, sa ou di ak sa yon moun di ou.
- Yon entèprèt pa yon avoka pou oumenm oswa pou pitit ou.
- Nan tribal la, gen yon entèprèt ofisyèl sètifye-pou-tribunal ki disponib pou moun ki pale dirèkteman ak jij la.
- Moun ki nan asistans la pa resevwa sèvis entèpretasyon.
- Pafwa, si pa gen yon entèprèt disponib, yon moun ki pale de (2) lang ki travay pou tribal la ka entèprete pou ou. Yo ka sèvi ak yon entèprèt nan telefòn tou. Entèprèt nan telefòn yo travay pou konpayi prive ki bay tribal la sèvis asistans lang.

Si ou pa konprann entèprèt la, ou dwe sispann reyinyon an imedyatman. Fè grefye tribal la oswa avoka a konnen ou pa konprann.

Ou kapab vini nan tribal la oswa nan reyinyon avèk avoka pitit ou ak yon adilt ki pale lang ou an, men moun sa pa dwe entèprèt ou. Se sèlman moun ki gen fòmasyon pou entèprete ki dwe entèprèt.

Si ou pa  
konprann  
entèprèt la, ou  
dwe sispann  
reyinyon an  
imedyatman.  
Fè grefye  
tribunal la  
oswa avoka a  
konnen ou pa  
konprann.

# Esi ptit mwen an gen kontak avèk lapolis?

Si ptit ou an se yon viktim yon krim, lapolis ka ede oumenm ak timoun ou an.

Si lapolis kwè timoun ou an te komèt yon krim, yo gendwa vle pale ak timoun nan. Si yon ajan lapolis kwè gen "kòz pwobab" pou arete timoun ou an, yo kapab arete timoun nan.

- Kèlkeswa, wi ou non, yo sispek timoun ou an komèt yon krim oswa te patisipe nan yon krim, lapolis kapab gen dwa pou poze timoun ou an kèk kesyon debaz tankou non li ak lòt enfòmasyon debaz tankou adrès ak dat nesans. Lapolis ka mande tou pou kontakte yon adilt responsab.
- Timoun ou an kapab mande si li sou arestasyon oubyen si li lib pou l deplase.
- Timoun ou an kapab mande pou yon avoka, epi polis la dwe sispann poze kesyon.
- Timoun ou an toujou gen dwa pou pa reponn ankenn kesyon.
- Si yo sispek timoun ou an komèt yon krim, li dwe respekye, kalm ak janti. Ptit ou an pa dwe agrave sitiyasyon an nan reponn ak ensolans oswa nan diskite ak ajan lapolis la. Si ou la, ou ta dwe montre respè tou.

# Kisa ki rive apre yo arete timoun mwen an?

Si yo arete timoun mwen an, èske lapolis ap rele m?

- Sa deppann de laj timoun ou an. Si timoun ou an gen 15 lane oswa pi piti, lapolis dwe eseye rele ou. Si timoun ou an gen 16 lane oswa plis, lapolis pa oblige rele ou. Timoun ou an gendwa pa anmezi rele ou sito yo arete l.
  - Men, lapolis ka kite timoun ou an fè yon apèl. Di timoun ou an pou l rele ou.

Kisa m dwe fè si yo arete timoun mwen?

- Si w konnen yo arete pitit ou, ou dwe rele 311 oswa pòs polis kote ou panse yo te arete l la oubyen kote krim lan te fèt pètèt. Lè w ap pale ak lapolis, mande si y ap pousuiv timoun ou an nan Tribunal pou Fanmi oswa nan Tribunal kriminèl.

Nan ki tribunal timoun mwen prale?

- |  |  |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"><li>■ Tribunal kriminèl<ul style="list-style-type: none"><li>– 16 an oswa plis</li><li>– 13 rive 15 an<br/>(sa deppann de krim lan)</li></ul></li><li>■ Si y ap pouswiv timoun ou nan Tribunal Kriminèl, timoun lan pral parèt devan tribunal la nan apeprè 24 èdtan apre arrestasyon li. Oumenm oswa yon adilt responsab dwe ale nan tribunal la pou tandem chaj ki genyen kont pitit ou. Ou ta dwe rankontre tou ak avoka pitit ou an.</li><li>■ Si y ap pouswiv timoun ou nan Tribunal pou Fanmi, oumenm oswa yon adilt responsab dwe ale nan pòs polis kote yo kenbe timoun lan paske lapolis gendwa lage timoun lan ba w.</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>■ Tribunal pou Fanmi<ul style="list-style-type: none"><li>– 13 rive 15 an<br/>(selon krim lan)</li><li>– 7 tan rive 12 zan</li></ul></li></ul> |
|--|--|

Si pitit ou an ale nan Tribunal pou Fanmi, yon ofisyè pwobasyon pral fè yon antrevi avèk ou.

- Ofisyè pwobasyon an pral mande w enfòmasyon sou timoun lan, tankou kay li ak aktivite lekòl.
- Enfòmasyon sa a pral sèvi pou fè yon rekòmandasyon ba jij la ki ka afekte si pitit ou gen dwa ale lakay ou, mete sou pwobasyon, oswa voye li nan prizon.
- Se moman sa a pou w ofri enfòmasyon pozitif—pa egzanp, si pitit ou gen bèl nòt, si li patisipe nan òganizasyon kominotè oswa nan legliz, oswa gen bon prezans nan lekòl.
  - Lèt rekòmandasyon oswa sipò nan men manm kominote lokal yo se yon bon fason pou ofri bonjan enfòmasyon sou pitit ou. Ou dwe kòmanse ranmase yo imedyatman ou konnen pitit ou prale nan tribunal.
- Ou dwe bay repons onèt. Pa fache. Se pa yon bon moman pou diskite bagay ki sou dosye pitit ou an. Konduit negatif ou di sou pitit ou an kapab nuizib pou dosye li a pita.

Nan Tribunal, li enpòtan pou bay enfòmasyon pozitif sou pitit ou.

Ki kote yo pral kenbe pitit mwen an apre arrestasyon? Sa depanne laj li nan moman ensidan an:

- Prizon Rikers Island
  - 16 an oswa plis
- Sant Depatman Jistis Jivenil (DJJ)
  - 15 an oswa pi piti

Èske mwen ka vizite pitit mwen an pandan li nan prizon oswa nan yon sant detansyon timoun?

- Wi, chak prizon ak sant detansyon gen orè ofisyèl pou vizit. Ou dwe rele prizon oswa sant detansyon an dirèkteman pou mande enfòmasyon sou règleman ak pwosedi vizit yo.

# Kijan pou m travay ak avoka ptit mwen an?

Kimoun ki se yon avoka?

- Nan Nouyòk, yon avoka se yon pwofesyonèl ki admèt nan Bawo Eta Nouyòk ak lisans pou pratike dwa nan Nouyòk.
- Avoka yo dwe kenbe konfidansyèl tout bagay yon kliyan di yo.
- Avoka yo dwe retounen apèl ba yon kliyan.

Ptit ou gen  
dwa pou l gen  
yon avoka.

Èske ptit mwen an gen dwa pou l gen yon avoka?

- Wi, si yo akize ptit ou an avek yon krim epi ou pa ka peye yon avoka, tribinal la ap bay yon avoka gratis. Avoka a gendwa ap travay nan Sosyete Asistans Legal (Legal Aid Society), yon òganizasyon ki bay reprezantasyon legal gratis pou moun Vil Nouyòk ki pa gen mwayer pou anboche yon avoka. Men, lót òganizasyon defans publik oswa yon avoka "18 (B) panel" kapab bay reprezantasyon legal gratis tou.
- Si ou gen kesyon jeneral sou sistèm jistis kriminèl oswa jistis jivenil rele Sosyete Asistans Legal (Legal Aid Society) nan 212-577-3300 oswa ale sou sit wèb yo nan: [www.legal-aid.org](http://www.legal-aid.org). Sepandan, apre yo nonmen yon avoka pou timoun ou an, ou dwe poze avoka sa tout kesyon sou dosye ptit ou an.
- Si jij la deside ke ou kapab peye yon avoka pou ptit ou an, tribinal la pral ba w tan pou w anboche youn.
  - Yon avoka prive pa nesesèman pi bon pase yon avoka yo nonmen. Si w anboche yon avoka, asire w li espesyalize nan kalite dosye ptit ou genyen an.
- Avoka a travay pou kliyan an, ki se ptit ou an. Sa vle di menmsi ou enpòtan nan dosye a, se ptit ou ki gen dènye mo a.

Esi mwen gen pwoblèm imigrasyon?

- Ou dwe mande avoka a si dosye a pral afekte sitiyasyon imigrasyon ou oswa ptit ou an ak nenpòt aplikasyon imigrasyon ki annatant.

# Kisa mwen dwe fè nan odyans pitit mwen an nan tribinal?

Si y ap pou swiv timoun ou nan Tribunal Kriminèl, oumenm oswa yon adilt responsab dwe ale nan tribinal la pou tandé chaj ki genyen kont pitit ou. Anjeneral, yo pa pral mande w pou patisipe nan odisyon an.

Si y ap pou swiv timoun ou an nan Tribunal pou Fanmi, patisipasyon w trè enpòtan.

- Si w vini nan odyans la, yon jij kapab pèmèt pitit ou retounen lakay li. Si w pa kapab vini nan odyans la, ou dwe di avoka pitit ou an sa.

Kòman mwen dwe konpòte m nan Tribunal pou Fanmi?

- Prepare w pou w fè yon pakèt tan ap tann nan sal datant la.
- Vini bonè. Si ou pral vini anreta, rele avoka pitit ou an.
- Montre respè.
- Abiye yon fason konvnenab. Pa egzanp, pa mete bout pantalon, mayo san manch oswa rad pou w al nan fèt.
- Sonje, nenpòt bagay ou ta ka vle di jij la, ou fèt pou diskite sou sa avèk avoka pitit ou anvan. Nenpòt bagay ou di nan tribinal kapab afekte ka pitit ou annapre.
  - La ankò, ou dwe ofri enfòmasyon pozitif – pa egzanp, si pitit ou fè bèle nòt, si li patisipe nan òganizasyon kominotè oswa nan legliz, oswa li gen bon prezans nan lekòl. Sa se yon bon moman tou pou pataje lèt rekòmandasyon oswa lèt sipò ou pran nan men manm kominote lokal yo.

## Kijan pou mwen depoze yon plent?

Ki kote mwen ka pote yon plent kont yon ajan lapolis?

- Si ou kwè lapolis te trete ptit ou an avèk enjistis, di avoka ptit ou an sa.  
Ou ka pote plent tou kont yon ajan lapolis; pou fè sa, ou ka
  - Pran non ak nimewo badj ajan an pou ou ka itilize enfòmasyon sa a pote yon plent,
  - Rele 311 epi mande pou Konsèy Egzamen Plent Sivil (Civilian Complaint Review Board) la,
  - Fè li anpèsòn nan biwo polis ajan an, oswa
  - Kontakte biwo yon ofisyèl eli, tankou pa egzanp yon manm nan konsèy vi la.

Ki kote mwen ka pote yon plent kont yon avoka?

- Si ou pa kontan ak avoka ptit ou an, mande pale ak sipèvizè avoka a.  
Ou kapab tou fè jij la konnen ou gen pwoblèm pou travay ak avoka ptit ou an.
- Ou ka depoze yon plent kont yon avoka nan Komite Disiplin Depatmantal Bawo Eta Nouyòk (New York State Bar Departmental Disciplinary Committee).
  - Si ou rete nan Bronx oswa Manhattan, rele nan 212-401-0800.
  - Si ou rete nan Brooklyn, Queens, oswa Staten Island, rele nan 718-923-6300.
  - Tanpri fè yon moun ki pale angle ede w fè apèl la.

Ki kote mwen ka depoze yon plent kont yon entèprèt tribinal?

- Si ou kwè yon entèprèt tribinal pa te byen entèprete, ou dwe di avoka ptit ou an sa. Ou ta dwe voye plent ou an tou nan imèl ba Biwo Sèvis entèpretasyon nan Tribunal (Office of Court Interpreting Service) nan: InterpreterComplaints@ courts.state.ny.us. Ou ka ekri imèl ou an nan lang pa w.

# Ki kote mwen ka jwenn plis resous?

Si yo mete pitit ou nan prizon oswa nan yon sant detansyon, ou ka jwenn eksplikasyon adrès, orè vizit ak lòt enfòmasyon sou entènèt.

- Si yo mete pitit ou a nan Rikers Island, ale sou sit wèb Depatman Koreksyon an nan: [www.nyc.gov/doc](http://www.nyc.gov/doc).
- Si yo mete pitit ou an nan yon sant Sant Depatman Jistis Jivenil, ale sou sit wèb Depatman Jistis Jivenil la nan: [www.nyc.gov/djj](http://www.nyc.gov/djj).

Ou ka jwenn adrès tribunal lokal pa w nan Vil Nouyòk si w ale sou sit wèb sistèm Tribunal Inifye Eta Nouyòk (New York State Unified Court system) nan: [www.courts.state.ny.us](http://www.courts.state.ny.us).

- Chwazi yon lang ou ka li pou gade enfòmasyon an.

Pafwa, paran yo panse timoun yo pral jwenn benefis nan tan yo fè nan prizon paske timoun yo ap resevwa sèvis nan prizon. Men, paran yo kapab jwenn sèvis pou jèn tou anndan kominate a.

- Rele 311 pou jwenn enfòmasyon ak sèvis gouvènman. Pou plis enfòmasyon sou sèvis pou jèn, ki enkli pwogram apre lekòl, travay, edikasyon, opòtinite fòmasyon ale sou sit wèt Depatman Jenès ak Developman Kominotè nan: [www.nyc.gov/dycd](http://www.nyc.gov/dycd) oswa rele Youth Connect nan 800-246-4646.  

Sipòte pitit ou!

